

# 8

avril

## **Bondye te konsakre Jezi, moun Nazarèt, avèk Lespri Sen an ak pisans... I ale toupatou ap fè byen, ap geri tout moun djab la t ap eksplwate.**

Travay 10. 38

### **Mirak Jezi yo**

Mirak Jezi yo pa kite okenn nan moun ki t ap viv nan tan pa l la endiferan. Pou kèk nan yo, yo te montre aklè temwayaj pisans Bondye, pou kèk lòt, sa te fè yo panse sou tradisyon relijye yo, finalman pou kèk lòt, se te yon ki-ryozite ak sezisman.

Kòman yon moun ka fè rete endiferan devan rezireksyon Laza a, devan gerizon mirakilez moun soud yo, avèk ak moun ki gen lalèp yo? Kòman yon moun ka fè pa etone lè moun ki te gen move lespri sou yo ap delivre, lè moun ap rele Jezi pou timoun ki malad e li geri remèt bay paran yo? Kòman yon moun ka fè pa touche lè w gade konpasyon li pou pil pòv ak moun grangou li plen vant yo lè l miltipliye mirakilezman kèk ti pen yo te pote bay li.

Kòman yon moun ka fè konte kantite bouk ke li te fè sezi ak mirak pisans ak lanmou li? Tout mòn yo, bò lak yo ak sinagòg yo kote li te geri malad yo, chanje lapenn an jwa e lanmò an rezireksyon?

Men sa ki pi gwo nan tout mirak yo, èske se pa pwòp istwa l? Jezi, pandan menm li se Bondye, Li vini nan monn sa tankou yon moun, li aksepte tout konsekans bese byen ba sa, menm lanmò sou lakwa, ak rezireksyon li ki vini apre.

Jodi a li vivan, menm lè nou pa wè l; li konnen e li renmen chak moun pèsònèlman. Ann aksepte rankontre l pandan n ap pèmèt li akonpli yon nouvo mirak... mirak pou li sove nanm nou.

# 8

avril

**Jésus qui était de Nazareth,... Dieu l'a oint de l'Esprit Saint et de puissance, lui qui a passé de lieu en lieu, faisant du bien et guérissant tous ceux que le diable avait asservis à sa puissance.** Actes 10. 38

## **Miracles de Jésus**

Les miracles de Jésus ne laissent aucun de ses contemporains indifférents. Pour les uns, c'étaient à l'évidence des témoignages de la puissance de Dieu, pour d'autres la remise en cause de leurs traditions religieuses, pour la plupart enfin, un sujet de curiosité et de perplexité.

Comment en effet rester indifférent à la résurrection de Lazare, aux guérisons miraculeuses des sourds, des aveugles ou des lépreux ? Comment ne pas être impressionné par la délivrance des hommes possédés par des esprits sataniques, par la sollicitude de Jésus envers les enfants malades qu'il rend guéris à leurs parents ? Comment ne pas être touché par sa compassion envers toutes ces foules pauvres et affamées qu'il rassasie en multipliant miraculeusement les quelques pains qu'on lui apporte ?

Comment recenser tous les villages qu'il a étonnés par les prodiges de sa puissance et de son amour ? Toutes ces montagnes, ces bords de lac et ces synagogues où il a guéri les malades, changé la tristesse en joie et la mort en résurrection ?

Mais le plus grand de tous les miracles n'est-il pas sa propre histoire ? Jésus, tout en restant Dieu, est venu comme homme dans ce monde, assumant toutes les conséquences d'un tel abaissement, y compris sa mort sur une croix, suivie de sa résurrection.

Il est vivant aujourd'hui, bien qu'invisible ; il connaît et aime personnellement chacun de nous. Acceptons de le rencontrer pour lui permettre d'accomplir un nouveau miracle... celui de sauver notre âme.